Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН



Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

sadovoduns@yandex.ru

№ 38 (7230) 16 сентябрь Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

## КIвар буго щибаб гьаракьалъул

(Гьедин лъазабуна районалде щвараб агитдесанталъ)



**Араб щамат къоялъ «Нилъер партия – Дагъистан!» абураб агитдесант щвана Унсоколо районалде. Гьеб гIуцIана РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул бихьизабиялда рекъон районазда рищиязда цебесеб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабиялъе. Гьезулгун дандчIвай букIана Унсоколо районалъул центр Шамильхъалаялда. Агитдесанталде гьоркьоре рачун рукIана «Молодежь Дагестана» газеталъул бетIерав редактор А. Абашилов, «РДялъул бетIерасул нух кколезул ДРООялъул нухмалъулев А. ГIабдуразакъов, РДялъул общественнияб палатаялъул член, РДялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, РДялъул НСалде депутатлъиялде кандидат, МахIачхъалаялъул Кировский районалдасан, гьединго КПРФялъул рахъалдасанги депутатлъиялде кандидат ГI. Публикация Хархачаев, поэтесса-прозаик ГI. Малачиева ва цогидалги РДялъул общественниял вакилзаби.**

Саламалъулал рагIаби абун дандчIвай рагьана районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас. Гьес бихьизабуна рищиязде бичIчIигун балагьи щивасул гражданлъиялъулаб борч кколин.

Щивас рищиязда битIараб тIаса бищи гьабиялъул бугеб кIваралъул бицана ГI. НурмухIамадовас. «Дун вохарав вуго агитдесанталъе салам кьезе щвеялдаса. Унсоколо районалда рищиязде хIадурлъи гьабулеб буго унго-унголъунги жавабчилъиялда. Гьелъие г1иллаги ккола нилъеца жавабиял рищиял гьарулел рук1ин. Щивасда бичIчIизе ккола улкаялъул хадусеб букIинеселъе тIаса бищи гьеб кколеблъи, вищарасул ВатIаналъе пайдаги букIине ккола. Щивав избирателасда бичIчIизе ккола гьелъул кIвар.

Десанталъул членаз бихьизабуна цо хасав депутатасе гьаракь кьезе рахъинчIого пайда бугесда цIар чIвай,-ян. «Нижеца нуж ахIула выборазде рачIине нужерго гIаданлъиялъулаб позиция бихьизабизе, нилъерго улкаялъул хадусеб букIинесеб чIезабизе,-ян абуна А. Абашиловас.

КIалъазе вахъарав ГI. А. Хархачиевас тIадчIей гьабуна «Бокьараб къеркьеялъулъ, букIа гьеб спортивияб, политикияб, цояв бергьуна цояв къуна. Амма бергьенлъи букIине ккола рагьараб, бацIцIадаб, ритIухъаб, чорокал жал гьечIеб. Гьединлъидал нижеда жакъа ракIалде ккана цоцазул хIурмат ц1униги цо рахъалда лъун, «Нилъер партия – Дагъистан!» абураб ахIигун букIинеселъе гIоло къеркьезе. Щибаб партиялъул букIине ккола гIаммаб масъала ва мурад, Дагъистаналъе лъикIлъиялъе гIоло»,-абураб. Гьединлъидал рищиял рукIине ккола ритIухъал. Гьелъие гIоло щивас кинабго гьабизеги ккола. Гьеб буго нилъер гражданлъиялъулаб налъи.

Данделъиялда гьединалго кIалъаял гьаруна А. ГIабдуразакъовас ва цогидалги гьалбадерица. Гьез бихьизабуна нилъер щивасул гьаракь рищиязда кIвар бугеблъун бугилан.

Культураялъул отделалъги гьалбадерие хIадурун букIана лъикIаб концерталъулаб программа. Гьелъ гьалбал рази гьаруна.

АТКялъул иргадулаб гуреб заседание

## Жавабиязухъ гIенеккана ва халгьарияял тIоритIана





**8 сентябралда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул залалда букIана терроризмалде данде чIараб комиссиялъул иргадулаб гуреб заседание. Гьеб бачана МОялъул АТКялъул пред, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас, гIахьаллъана РДялъул бетIерасул кумекчи, РДялъул АТКялъул аппаратальул вакил Сайпудин Сайпов, НАКалъул вакилзаби, Унсоколо, Хунзахъ, Хьаргаби районазул вакилзаби.**

Заседание рагьулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна: районалъул терроризмалде данде чIараб комиссиялъ цо къадаралъул хIалтIи гьабулеб бугин, РФялъул терроризмалъул идеологиялда данде чIеялъул комплекснияб план тIубазабиялъул мурадалда,-абун. Гьеб планалда рекъон нилъ щвезе ккола щивасухъе, х1алт1и байбихьизе ккола ясли-ахаздасан, школаздасан байбихьун, гIолеб гIелалъул хIаракатаб гIумроялъулаб позиция лъугьинабиялъе гьабизе ккола кинабго. Нилъее чиярал идеяби ва бербалагьи халкъалда гьоркьор лъугьинарулел гIадамалгун рекъон хвалие жал гьаричIого, гIолеб гIел куцазе ккола жиндирго халкъалде рокьи, инсаниялде лъикIаб гьуинлъигун рукIунедухъ. Районалъул бетIерас абуна: республикаялъул БетIер Р. ХI. ГIабдулатIиповас Унсоколо районалде чанго нухалъ хIалтIулаб сапаргун вач1ун аслияб кIвар буссинабуна ВатIан бокьиялъул, унго-унголъунги патриотизмалъул рухIалда гIолеб гIелалъе тарбия кьеялде кIвар кье районалда,-абун.

«Унсоколо районалда 20I3-20I8 соназда РФялъул терроризмалъул идеологиялде данде къеркьеялъул комплекснияб план тIубазабиялъул иналъул» бицун информация гьабуна МОялъул бетIер, АТКялъул пред. ГI. НурмухIамадовас. Гьес бихьизабуна антитеррористическияб комиссия, МВД, ФСБ ва цогидалги терроризмалъул идеологиялде данде къеркьолел органазгун цадахъ цIикIкIараб хIалтIи гьабулеб бугин районалъул халкъалда гьоркьоса экстремизмалъулал хаслъаби лъугIизариялъе, хасго гIолилазда ва цIалдохъабазда гьоркьоб. Районалъул гIаммаб ахIвал-хIал буго ихтияр цIунулел ва муниципалиял органазул хъаравуллъиялда гьоркь.

(Ахир 2 гьумералда)

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 38 (7230)*

*16 сентябрь 2016 сон*



Хасал информационниял алатаз лъазабухъе РФялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялде депутатлъиялде кандидат, эркенаб гугариялъул ра хъалъ Дагъистаналъул тренер Сажид Сажидовас жиндирго кандидатура нахъе бахъун буго



# Жавабиязухъ гIенеккана ва халгъариял тIоритIана

Жеги бакIалъулаб бандгруппаялъул хутIелал, лъабго чиясул къадаралда районалда хутIунругонигикриминалиябахIвал-хIалрайоналдахIалуцараб гьечIо. Ихтияр цIунулезул блокалъ ва щивав районалда гIумро гьабулес кIвараб хIалтIи ва кумек гьабулеб буго гьеб балагь лъугIизабиялъе, ансадерил гьайбатаб ракьалдаса терроризмалъул хутIелал тIагIинариялъе.

С. Сайповасги жиндирго информациялда бихьизабуна Унсоколо районалда оперативияб ахIвал-хIал хал кквеялдаса борчIун гьечIин. Республикаялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасулги цIаралдасан гьес баркала загьир гьабуна МВДялъул, ФСБялъул ва цогидалги Дагъистаналда ва Унсоколо районалда ахIвал-хIал битIизабиялъе хIалтIулелщиназе. –Ахирияб лъагIелгун бащадабгIан заманалда гьеб ишалда цIикIкIараб хIалтIи гьабулеб бугин муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас,-ян бихьизабуна республикаялъул БетIерасул кумекчияс.

Гьединго гьес данделъаразда бицана РДялъул БетIерасул указание бугин гIадамазул гIумро лъикIлъизабиялъул, гьезул хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул мурадалда киналго органазул хIаракатаб хIалтIи буссинабизе кколин терроризмалде ва экстремизмалдехун гIадамазул рокьукълъи букIинабиялде ва ихтияр цIуни, ритIухълъи букIинабиялде,-абун.

Заседаниялда кIалъазе вахъарав НАКалъул группаялъул нухмалъулев Павел Кондратенкоца бихьизабуна халкъалда гьоркьоб профилактикияб хIалтIи гьабизе кколин комплекснияб къагIидаялъ щибаб къойил правоохранительниял ва цогидалги власталъул органалгун цадахъ.

Заседаниялъул ахиралда РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул тIадкъаялда рекъон С. Сайповас контролияб халгъаби гьабуна АТКялъул ишазул организациязда. Гьелда гIахьаллъи гьабуна националияб антитеррористическияб комитеталъул МРГялъул аппараталъул нухмалъулес, НАКалъул ва АТКялъул аппараталъул вакилзабазги. Хал гьабиялда аслияб кIвар буссинабуна цере загьирлъун рукIарал гIунгутIаби тIагIинариялде, АТКялъул экстремизмалде-терроризмалде данде чIараб комплекснияб план тIубазабулаго правоохранительниял органазул хIалтIуда, тIадал идарабаз хIукмаби тIуразариялъул бугеб хIалалда. Унсоколо районалда гьабураб гьеб хал гьабиялъул ккарал хIасилазул лъазабизе буго Дагъистан Республикаялъул БетIерасда.

# Срочное объявление

**Уважаемые налогоплательщики! Межрайонная ИФНС России №10 по Республике Дагестан обращает Ваше внимание, что 1 декабря 2016 года наступают сроки уплаты гражданами физическими лицами налога на имущество физических лиц транспортного и земельного налогов за 2015 год.**

Заплатить имущественные налоги (налог на имущество физ. лиц, земельный и транспортный налог) необходимо не позднее 1 декабря 2016, а не до 1 октября как это было в 2015 году. Уведомления будут направлены налогоплательщикам до середины октября, т.е. не позднее 30 рабочих дней до наступления срока платежа.

Обращаем ваше внимание, что перечень льготных категорий налогоплательщиков остался прежним. При этом льготы будут предоставляться в отношении одного объекта недвижимого имущества каждого вида, который должен быть выбран самим налогоплательщиком.

В случае отсутствия заявления о выборе объекта, подлежащего льготированию, налоговый орган выберет его самостоятельно по большей сумме исчисленного налога.

Напоминаем, что в случае неуплаты налогов в установленный срок должникам начисляются пени и применяются меры принудительного взыскания. Информацию о задолженности так же можно узнать, подключившись к интернет – сервису «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц», расположенного на сайте ФНС России (www.nalog.ru) или через Единый портал государственных услуг (www.gosuslugi.ru).

Для получения логина и пароля к сервису «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» налогоплательщику необходимо лично обратиться в любую ИФНС России независимо от места постановки на учет с документом, удостоверяющим личность, и свидетельством о постановке на учет физического лица (ИНН). С помощью данного сервиса Вы сможете контролировать свое состояние расчетов с бюджетом, а также оплачивать имущественные платежи.

Физические лица – собственники объектов имущества, в отношении которых ни разу неисчислялся и не уплачивался налог (если это не связано с предоставлением налоговых льгот), обязаны до 31 декабря уведомить налоговый орган по месту учета о каждом таком объекте, направив Сообщение по форме, утвержденной приказом ФНС России от26.11.2014 № ММВ-7-11/598@.

МРИ ФНС России № 10 по РД призывает граждан проявить гражданскую сознательность уплатить имущественные налоги в срок и в полном объеме, поскольку поступление от уплаты указанных налогов формируют бюджет нашего района, республики и страны в целом и являются основой социального и экономического развития нашей страны , а именно содержание школ, детских садов, больниц, дорог, благоустройство парков, детских площадок и т.п.

Выражаем искреннюю надежду, что обязанность своевременно платить налоги станет нашей цивилизованной привычкой

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Зирани гьоркьохъеб школалъул учительзаби СайгидулбатIалида, ГIабдулагьида ва тIолабго гIагарлъиялда

**эмен**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе гIумроги кьеги

# *Баркула!*

Нилъеда лъала гьаб соналъ Дагъистаналъул киналго районазда гIуцIун рукIараблъи нилъер муфтий, накъшубандиябги шазалиябги тIарикъаталъул устар, шейх АхIмад-хIажи Апандил «ЛъикIал тIабигIатазул ах»,-абураб тIехьалдасан конкурсал, ай къецал. Августалъул 13 къоялдасан байбихьун нилъер районалда тIоритIана гьел. Гьенир гIахьаллъана гIисиналги чIахIиялги, киналго гьелдехун рокьи бугел. Гьелъул гIахьалчилъун вукIана нижер лъай кьеялъул управлениялъул специалист ХIажимухIамадов МуртазагIали МухIамадовичги. РакI бацIцIадго гьарурал къецазул хIасилалда гьев вачIана лъабабилеб бакIалде.

Управлениялъул киналго хIалтIухъабаз, бетIералда начальник Лабазан МухIамадгIалиевичгун баркула гьесда гьеб бергьенлъи. Гьарула хадурги битIараб нухда чIахIиял церетIеял ва щулияб сахлъи, халатаб рохалилаб гIумро!

# Лъаязде нуцIа рагьизе-кIул

КIудияб чIаголъи букIана гьеб къоялъ Генуб Заманалъул поселокалда бугеб школалда. КъачIараб азбар, кирго чIварал рекIелъе рортулел рагIаби хъварал игIланал. Коллективалъ гьабун буго школалда рагIа-ракьанде щвараб ремонт. ЦIалдохъаби къабул гьарулел руго гIолохъанай байбихьул классалъул учительница Ибрагьимова Салма-Бика МухIамадовналъ. Директор Паримеседо Баширова лъул хIаракаталдалъун школа лъул киналго цIалдохъабазул буго ан цогояб школалъулаб форма. Гьелъ цIакъ берцин гьабун букIана кинабго тадбир. Гьеб мухIканго нухда бачунеб букIана школалъул организатор АхIмад МухIамадовас ва 11 класса лъул цIалдохъаби М. Базаргановас ва А. Ибрагьимовалъ.

ЦIалул сон баркун кIалъай гьабуна школалъул директор Паримеседо ГIабдулаевалъ, лъай кьеялъул управлениялъул специалист Умагьани ХIасановалъ, поселокалъул жамагIаталъул рахъалдасан ГIайнаъ Камиловалъ. Исана школалде рачунезе 11 классалъул цIалдохъабаз кьуна цIалул тIахьал ва лъаялде нуцIа рагьулеб кIул.

Хадуб щибаб классалъул цIалдохъабазул букIана церерахъинал.

Гьезул рохалилаб гьаракь сверухъ ругел кьурабазги такрар гьабулеб бугин кколеб букIана гьеб къоялъ.

**У. ХIАСАНОВА**

# «Единая Россия» партиялъул призалъе

11 сентябралда Унсоколо № 2 школалъул спортивияб залалда тIобитIана «Единая Россия» партиялъул призалъе столалда теннис хIаялъул тIоцебесеб бакIалъе гIоло рагьараб турнир. Гьеб гIуцIун букIана РДялъул Халкъияб Собраниялде депутатлъиялде кандидат МухIамад МухIамадовас. Гьесул рищиязда цебесеб программаялдаги цIикIкIараб бакI кколеб буго спорт цебетIезабиялъ.

ГIицIго Унсоколо районалъул гIадамаз гуребги Буйнакск, Хьаргаби ва цогидалги районазул гIадамазги гIахьаллъи гьабуна гьениб.



Спортивиял хIаязде вачIун вукIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов. Гьес бихьизабуна районалда тIоритIизе кколин батIи-батIиял видал. Столалда хIалеб теннисги кIвар бугеб ва интересаб хIай бугин, гьеб цебетIезабиялдеги кIвар кьезе кколин. Жив вохарав вугин гьанир цогидал районазул гIадамазги гIахьаллъи гьабулеб букIиналдаса. Гьелъ гьудуллъи щула гьабизе, гIолилал цоцалъ гъункизе ругин нилъер республикаялда,-абун. Киназего гьес гьарана къецазулъ бергьенлъаби.

Турниралъул гIахьалчагIазе салам кьуна РДялъул Халкъияб Собраниялде депутатлъиялде кандидат М. МухIамадовасги. Гьелъул мурад бугин хадубккун гIолилазда гьоркьоб столалда хIалеб теннис цебетIезаби, сахаб гIумро гьабизе гIолилал ахIи,-абун бихьизабуна гьес ва ракI-ракIалъ гьарана гIолилазе лъикIаб хIай.

Турниралъул хIасилал гьарулаго I бакI ккуна жалго хIан М. МухIамадовас (Балахьуни). 2 бакI М. АхIматIхъановас (Балахьуни). 3 бакI А. Мусаев (Зирани), 4 бакI И. ГIабдулвагьабовас (Хьаргаби), 5 бакI Н. МухIамадовас (Зирани), 6 бакI Ш. МухIамадовас (Балахьуни).

Парабиккун хIан I бакI ккуна Х. ЯхIяевас ва М. ГIабдулхаликъовас (Хьаргаби). 2 бакI – А. АхIматIхъановас ва Т. МухIамадовас (Балахьуни). 3 бакI щвана А. Шахбановасе ва М. МухIамадовасе (Леваши).

Бергьаразе щвана гIарцулал сайгъатал. Цо-цоязе кьуна хасал призал ва сайгъатал.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 38 (7230)*

*16 сентябрь 2016 сон*



**I3 сентябралда республикаялъул прокуратураялда букIана «Дагестан против терроризма – родина дороже»,-абураб брифинг. Гъениб аслияб суал букIана терроризмалде данде къеркьеялъул моцI лъазабиялъул**



## РЕШЕНИЕ
## Пятой сессии Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Балаханский»

**В соответствии с частью 2.1 статьи 36 Федерального закона от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Балаханский» Унцукульского района Республики Дагестан**

**РЕШАЕТ:**

1. Утвердить прилагаемое Положение о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Балаханский».
2. Настоящее Решение вступает в силу со дня его официального опубликования

**М-Р. А. Якубов**
**Глава сельского поселения**

# ПОЛОЖЕНИЕ
## о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Балаханский»

**Глава 1. Общие положения**

1. Настоящее Положение в соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» и Уставом сельского поселения «сельсовет «Балаханский» устанавливает порядок проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения (далее-конкурс).

2. Целью конкурса является отбор кандидатур на должность главы сельского поселения из числа граждан, представивших документы для участия в конкурсе, на основании их соответствия требованиям, установленным настоящим Положением.

3. Общий порядок проведения конкурса предусматривает:

1). Принятие Собранием депутатов сельского поселения «сельсовет «Балаханский» (далее – Собрание депутатов) решения об объявлении конкурса;

2). Уведомление Главы Сельского поселения об объявлении конкурса и начале формирования конкурсной комиссии;

3). Опубликование (обнародовать) Решение Собрания депутатов об объявлении проведении конкурса;

4). Проведение конкурса;

5). Принятие конкурсной комиссией решения по результатам конкурса;

6). Представление конкурсной комиссией кандидатур на должность главы сельского поселения на рассмотрение Собрания депутатов.

**Глава 2. Порядок формирования и организации деятельности конкурсной комиссии**

4. Организация и проведение конкурса осуществляется конкурсной комиссией, формируемой в соответствии настоящим Положением.

5. Конкурсная комиссия является коллегиальным органом и обладает следующими полномочиями:

1) рассматривает документы, представленные для участия в конкурсе;

2) обеспечивает соблюдение равных условий проведения конкурса для каждого из кандидатов;

3) определяет результаты конкурса;

4) представляет кандидатуры на должность главы сельского поселения на рассмотрение Собрания депутатов;

5) осуществляет иные полномочия в соответствии с настоящим Положением.

6. Общее число членов конкурсной комиссии составляет 6 человек.

7. При формировании конкурсной комиссии половина ее членов назначаются собранием депутатов, а другая половина – Главой муниципального района.

Конкурсная комиссия считается сформированной со дня назначения другой половины членов конкурсной комиссии Главой муниципального района.

8. Конкурсная комиссия состоит из председателя, заместителя председателя, секретаря и иных членов конкурсной комиссии.

Председатель конкурсной комиссии избирается из числа членов конкурсной комиссии, назначенных Собранием депутатов сельского поселения «сельсовет «Балаханский», открытым голосованием большинством голосов от числа присутствующих на заседании членов конкурсной комиссии на первом заседании конкурсной комиссии.

Заместитель председателя конкурсной комиссии и секретарь конкурсной комиссии избираются из состава конкурсной комиссии открытым голосованием большинством голосов от числа присутствующих на заседании членов конкурсной комиссии на первом заседании конкурсной комиссии.

9. Председатель конкурсной комиссии:

1) осуществляет общее руководство работой конкурсной комиссии

2) определяет дату и повестку заседания конкурсной комиссии

3) распределяет обязанности между членами конкурсной комиссии

4) подписывает протоколы заседаний конкурсной комиссии и принятые конкурсной комиссией решения;

5) контролирует исполнение решений, принятых конкурсной комиссией;

6) представляет конкурсную комиссию в отношениях с кандидатами, иными гражданами, государственными органами, органами местного самоуправления, организациями, средствами массовой информации и общественными объединениями.

10. Заместитель председателя конкурсной комиссии исполняет объязанности председателя конкурсной комиссии в случае его отсутствия, а также осуществляет по поручению председателя конкурсной комиссии иные полномочия.

11. Секретарь конкурсной комиссии:

1) осуществляет организационное обеспечение деятельности конкурсной комиссии.

# АхIулгохIда рагъаразул сияхI

**(Авал арал номеразда)**

НурмухIамадил МухIамадица къураб сияхI лъугIула АхIулгохIдаса ГIалимухIамов ХIажияв Шалбузанил цIаралдалъун ва гьеб хадубккун байбихьулеб буго Аджиев ИсмагIилил цIаралдасан. ГIемерисел цIаразда хадуб, доб заманалда хъвалеб букIахъе, «огълы»,- ян тIадеги жубан буго. Гьанир церехун цIарал хъвалаго гьеб тIадежубай нахъе рехана.

Аджиев ИсмагIилидаса байбихьун хадуб бугеб 37 лъимадул цIар нижеца босана Д. М. Шигьабудиновасул «АхIулгохI» абураб тIехьалдаса. Гьелъул авторас абулеб буго профессор В. Г. ХIажиевасда Грузиялъул ЦГИАялда «Кавказалъул щулалъизабураб АхIулгохIалъул хъалаялде гьужум гьабулаго асирлъуде росарал ва Воронежалъул кантонистазул (рагъулаб хъулухъ тIубазабизе тIадаллъун кколарел) рагъулал батальоназде ритIизе кколел, амма жеги гьенире щвечIел, гьитIинаб гIумруялъул лъималазул сиях!» абураб цIаралъул документ батун бугилан. ***(Грузиялъул ЦГИА,ф.Ю 83, оп.2, Д. 638, тI. I-2-3).*** ХIисаб гьабураб мехалда, I839 соналда гьел асирзаби 30-40 чи гьавун Россиялъул батIи-батIиял губерниябазде ритIун рукIун ратизе ккола. Жакъа нилъеца кIудияб хIалтIи тIубазабизе ккола АхIулгохIдаса нилъ махIрумлъаралдаса хадур чияр ракьазде ритIарал 900 ялде гIагарун руччабазул, лъималазул ва харабазул хадубккунисеб къисмат лъазабиялъе (нижер хIисабазда рекъон гьезул 700 чи вукIине ккола, пачаясул баяналда рекъонин абуни гьезул къадар 900 ялде гIагарун буго).

67. Испаев МухIамад.
68. ГIумаргIалиев МухIамад.
69. Ибрагьимов МухIамадгIали.
70. Исмаг1илов МухIамад.
7I. ХIажилуев Аласкиндир (ГIалисканди)?
72. МухIамадаминов НурмухIамад.
73. НурахIов АхIмад-
74. Хаматов МуртазагIали.
75. КъурахIмаев Пирау.
76. ХIусенов ХIамзагIали.
77. ГIумаргIалиев Хочо.
78. МухIамаев МустIапа.
79. МухIамаев Даибгъази.
80. Аджиев МухIамад.
8I. АджигIали Алифат.
83. Шамалай.
84. Насипов ГIиса.
85. МухIамад огъли.
86. ХIалим Стилачи.
87. Ирбаинова Пари.
88. АджигIали Азимат.
89. Берагов ХIасан.
90. МухIамадов Хадрис.
9I. ХIусен Кизилин.
92. МухIамаев ГIалибулат.
93. ХIасан МуртазагIали.
94. МухIамаев ГIабдулкарим.
95. Мирзабег МухIамагIали.
97. ХIасай ХIасан.
98. ЮрухIма Куса-МухIамад.
99. Сулейман Гъази.
I00. ХIажиев МухIамгIали.
I0I МухIамад.

АхIулгохIил гIакъуба-гIазаб жидеца баччарал, гьелъул бухIи хIехьезе ккарал гъазизабазулги, асирлъуда хутIаразулги, нахъе рорчIаразулги, батIи-батIияб къисмат ккаразулги сияхI бахъун букIана республикаялъул «ХIакъикъат» газеталда, гьелдаса хадур рачIине лъугьана рагъулъ гIахьаллъаразул бицунел кагътал.Т1оцебесеб гьединаб кагъат щвана Унсоколо росулъа философиял гIелмабазул кандидат ГъазимухIамадов ХIамзатихъа, кIиабилеб - Унсоколо районалъул ГIашилтIа росулъа Халидов ГIабдулхIамидихъа. Кагътазул бетIергьабазухъа цо-цо такрарлъаби ккун рукIаниги ва АхIулгохIалъул сияхIалда рехсарал цIарал такрарлъулел рукIаниги, гьел рахъулел руго рачIараб хIалалда.

**Унсоколоса Шамилида цадахъ рагъарал ва хварал бахIарзал:**

I. БербагIар-МухIамадсултIан, АхIулгохIдаса байбихьун Шамил кверде инегIан гьесда аскIов чIана. Хвана ва вукъана Турциялда I873 соналда.

2. ТIагьир-ГъазимухIамад имамасул дурц, чIвана I840 соналда.

3. Щунусил бетIер КъанцIа МалламухIамад -Ц1оралда чIвана.

4. Гьесулго вац МухIадизал ВухIама - ШишиликI магIарда рагъда чIвана.

5. Цогидав вац МухIадизал ВухIамагъази - КIикIуни рагъда чIвана. КIиялго шагьидлъарал бакIаздаго рукъунги руго.

6. ГIусманилав.

7. Шамилил гIарадаби риун тIолев чи - устар ЖабрагIилхIажи.

8. Гъуниясул МухIамад.

9. Гаргадул МухIамадсултIан.

I0. НурмухIамад.

II. Шамилил бетIер кIкIвалев чи ХIусенил МусахIажияв.

I2. ГIалисултIан.

I3. Арутинил ГIали.

I4. Валил ХъарамухIамад.

I5. Рекъав МухIамадхIажияв-АхIулгохIда щвараб гуллагун гьес гIумру гьабун буго 20 соналъ. Гьеб гуллагун хабалъги лъун вуго.

I6. Къурманиласул ДибирвухIума.

I7. Шунусил бетIер Маргалав.

I8. Арутанил МухIамад-Шамилил хазиначи.

I9. МухIамадгIали - АхIулгохIда шагьидлъана.

20. ГIамасултIан (бину ГIалисултан) - АхIулгохIда шагьидлъана.

2I. ГIабдулгIазизица ва Шейхул ХIусеница - I832 соналъ Шамилил ругънал сах гьаруна. ПабдулгIазизил яс ПатIимат кколаан имамасул лъадилъун.

22. Къасирилав.

23. ХIажимуса.

**ГIашилтIаса Халидов ГIабдулхIамидица т1аде журалел руго:**

«Сурхайил хъалаялда» Малачил рагъу хъаби дагьлъараб мехалъ, Шамилица гьениве витIарав бахIарчи КариммухIамад ГIалил лъадул, асирлъудеги ккун Гъизляралде ячун арай, гьениса нахъе яхъарай Узул;

2. Ругънада борохьги бан асирлъуде ккарай, анцIго сон Сибиралдаги бан тIад юссарай Нуцалалъул;

3. Дарбищил МухIамад абун хъварав Дарищиласул;

4. Малачил инсул вац КIудияв ГIарипил;

5. Имамасул байрахъулав, АхIулгохIда вагъарав ва гьениса ворчIарав, Рихьуниб ккараб рагъдаса хадув жив шагьидлъарав КIудияв Айгумил цIарал.

Гьезие киназего, хасго АхIулгохI хобалде свераразе, нохъазда будалааллъун лъугьаразе нилъер абадияб рецц ва баркала. бахIарзазул цIарал киданиги кIочене гьечIо ва гьел наслабазухъе кьела!

***Г1елмиял х1алт1абаздаса***

# МахIмудихъе хIалаго

(РагIи-ХъахIабросулъа ГIабдула МухIамадгIалиевасе)



Божа дарман, дида, божилъиялъулъ
БукIуна рокьиги рекIел хинлъиги.
Риччаге, хирияй, гIодизе берал
Дур магIу бихьани дир ракI гIекколин.
Щай дида гIолохъанго лъачIеб мун данд чIвалейлъи,
Щайдай Аллагьас хъвачIеб нилъ кIиязулго къадар.
Мун дие хиралъана йихьигун гIагарлъана,
Дир тIолго гIумро гьанже цохIо дуй насиблъана.
* * *
Гьаб сверулеб унеб дуниялалда,
Хасаб хIикмат буго дида бихьулеб.
Гьаб гIумрудул гIоралъ восун унев дун,
Гьайбатай дир гьудул гIорул рагIалда.
Дур бацIадаб рокьул ралъдалъ чвердезе
Анищаз цIун буго керенги ракIги,
Гьаб тIекълъи гIемераб гIумроялдаса
Дур гIищкъул хIоринив гьанкъун хвейго лъикI.
ХIилла-рекIкIалъукьа хIинкъуларо дун
Лъала гьаб дунил лахIзат бугеблъи,
Салул авлахъалда ицц гIадай дуе
Ккелин заралилан сородула ракI.
Дуца гъурал куркьбал зодорги хьвагIун
Дун рещтIине гьечIо тIокIаб ракьалда,
ЦIвабзазулъ моцI гIадай аскIой мунги цIан
ЦIала дуда тIаде хъахIилаб юргъан.
* * *
ЙихьичIей лъаларей духъ гIишкъу бергьун
Ана дир гьаб гIумру рекIелъ мунги къан,
Божунги вукIана букIинчIо шаклъи
Цо къоялъ мун йихьун хьул буссинилан.
Дир рокьул тахида дуе тараб бакI
ТIад щал кIусаниги чIобого буго,
Дир гIишкъуе къилба унтуе дару,
РекIел гьундухъ бараб гьаракь буго дур.
Гьаб дир гIумрояльул хутIарал къояз
Чорхой лазаталъе данд чIварай месед,
Дир берзул нуралъул канлъи иналде
Гьимун цо бадие ялагье гьудул.
Дир бидул рихьазулъ би цIороледде
ЦIорочIел кIутIбузда баэ хирияй,
Черхалда дир жеги хинлъи батани
Хванин дунан гьаракь биччаге дарман.
АхIуге гIагарлъи балъго те хабар
Хириявилан бай ахирисеб къвал,
ЧIолеб рекIел кIутIи ахираб хIохьел
Рокьул лахIзаталде гьабе сверизе.
Дибир вачIаниги мусру баниги
Божуге дир гьудул мун дир хвелалда,
ГIолохъаби рачIун восун аниги
АскIоса камунин ккоге ракIалде.
* * *
Кверазда, бохдузда чармил махги бан
БецIаб туснахъалде дун реханиги,
Дуде бугеб гIишкъу дир свине гьечIо
Дуде бугеб рокьи дилъ къвине гьечIо.
Щибжо дие туснахъ рекIел кIул ричIун
КIанцIун араб рокьи къватIиб букIаго,
Кверазда бохдузда махх баниги щиб
Дир хIасраталъ духъе нух бахъун хадуб.
Хвалие вижула Аллагьас инсан
Гьеб хIукму хисараб бахъичIо закон,
Гьаб хвалил хIинчIчIалъул кваркьулъеги лъун
Дун хIинкъулев вуго дуй зарар ккелин.
Дица рокьиги лъун дуе бакараб
Дур гIишкъул гьансито свине гурилан,
Судулеб каранда бугеб гьаб хIасрат
Хабалъеги цадахъ кин босилебан.
* * *
Щвараб гIоралъ хъарахълъун хъамулеб гIумро буго
ХъахIал расаз черхалда хъвалел расенал руго,
Дие заман банагIан гIумро бокьулеб буго
Чорхол чара хванагIан рокьи тIегьалеб буго.
ГьотIода тIамах гьина гIурда тIегь бечIан ина
Дир гIишкъуялъ дур ахикь хъаравуллъи гьабила,
Гьал хIинкъарал пикрабаз толев гьечIо хIалалда
ЧIалде гIагарлъанагIан бокьула тIад вуссине.
Кинабго кIочон тола дуде анищ гьабула
Тату холеб черхалъе чIаголъи жан бачIуна,
Дида доб гIолохъанлъи гIагарлъанилан ккола
ГIищкъуялъул чIагIаялъ дун мехтизе гьавула.
Дур сурат бихьаницин сородун букIана черх
Дуца щигIру цIалидал цIа бакана каранда,
Дур гьаракь рагIарабго гIумро цIилъана дие,
Дуда бер чIвaралдаса чIаголъана гьинал ракI.
Цеего дида лъалей херлъизегIан йихьичIей
Булбул хIанчIил гьаракьалъ къуват кьуна черхалъе,
Унтаби кIочон тана ургъелал тIаса ана
БацIадаб рокьул хIенехI рекIелъ гвангъизе лъвана .
* * *
ГIишкъул замзамалъул дир иццул бетIер
Цойгияс кIалги чIван гьекъеладай мун,
Вай дун хIинкъун вуго гьадин дунги тун
Къосарав цойгидас тIелин гьеб тIегьан.
Мун макьу ятани маргьу ятани
Щайха рокьул цIаялъ дун гьелегьунев,
Шагьри моцI ятани мун бакъ ятани
Щайха бецIал къоял гвангъулел гьечIел.
Зодихъ моцI гIадинай духъги валагьун
МоцIал унел руго дир пикрабазда,
Анищаз хIасратго мунги данде къан
Къокъаян регIулел руго гьал къоял.
Хиялалъ дун вуго лъимер гIадинан
Дур лъалкIазда хадув хапделев хутIун,
Щибаб какда хадуб дугIаги гьабун
Дур гъасда цIа свараб къо бачIунге,-ян.
* * *
Дуда къвал балелде къадар дие щун
Чучизе ккеладай мун цойгидасде,
Свинадай дир берзул гвангъараб канлъи
Берзул канлъи керен дуй чучичIого.
Эхебе унеб гIор нахъ бусунаро
Цо кодоса ани ккезе щоларо,
МоцI бугеб сордоялъ яха тIохазде,
Анин моцIрода хъван дуй рокьул сарин.
РекIел чирахъалъул чалу лъугIундай
Чара бугин холеб къаркъалаялъул
РикIкIун кьурал къоял унго тIагIундай
Берзул канлъиялъул кунчIи бугин сун.
Дунги инадайха гьаб рекIкIаб гIоралъ
ГIорлъун магIу тIолей рагIалда мун тун,
Дур магIил гаразда дун барахшулин
ГIодуге хирияй хвел бигьаяб жо.
Угьдуге берзул нур гьел дур беразулъ
Бихьараб гурони букIинчIин гIумро,
Хирияй, кье жаваб абе вокьулин,
Дур каламалъ бугин керен асирлъун.
* * *
Ургъелги унтиги дилъгоги бахчун
Гьале унеб буго гIумрудул гьоко,
Дие кумекалъе дида квер чIвазе,,
КечIги мунги гуреб хутIичIо щибго.
РекIкI гьечIеб гьимигун бацIадаб ракIгун
Дир рекIел анищал бечед гьарурай,
Дий божилъиялъул кавуги рагьун
РекIелъ рекIараб цIа гвангъизе тарай.
Къоял лъугIани щиб къадар щвани щиб
Щукругун рецц буго БетIергьанасе,
Гьаб дир гIумруялъул хутIарал къояз
Гамие маяклъун мун дие кьурав.
* * *
Дун хвалил гудраца къахIан кквеледде
Босе гIищкъул хинлъи хвел гьечIеб хIасрат,
Дир бераздa цебе хьухь лъугьиналде
ЦIале хиялазулъ хвел гьечIеб балай.
Дуде бугеб рокьи мусругун цадахъ
Босила хабалъе хирияй гьудул,
Къадар хъвачIониги къвал бачIониги,
ЦIунила къанабакь рокьуй ритIухълъи.
* * * *
Найица тIегь гIадин гьацIулал кIутIби
КIалги чIван гьекъолеб къо бачIинадай,
Чабхилъан беролеб ицц гIадал берахъ,
Балагьун гIорцIараб лахIзат швеладай?
Чанил буртIил гIадаб берцинаб лага
Дуде чучичIого къадар швеладай,
Хьиндалазул ахикь ахIдолеб гьудгьуд
Бод дун сурилалде гьечIебиш сабаб.
* * * *
Чияр хIатIихьин бараб чу кIваричIин ятани
Биче рухьин, бай чангит чу дудаго хадуб цIай,
Цойгидалъ кьили лъураб айгъир дуй бокьичIони
Бокьараб къоялъ кьили тела къвалалги чучун.
* * *
Хиялалъ бекьараб рокьуде боржун
КидаллъизегIан дун гьадин вукIинев,
Мунилан угьдулеб дир ургьиб хIохьел
ГIазулъун базейищ гIанси лъвинейиш.
ГьечIеб цо ритIухълъи гьаб дунялалда
Духъ гIищкъу бергьарав дунги дур гурев,
СогIлъи бихьулариш гьаб къисматалъул
Хьолбохъ чицин гьечIей мунги дир гурей.
* * * *
Дур пашманал берал
Дир гIишкъул канлъи
Бакълъун гвангъагиян
Гьарула дица!
* *
ГIенекке дихъ, хирияй, цIа бугин дир тIулада
ТалихI кьеяй хазина хвезе тоге дун гьадин,
Духъ бергьараб балаялъ берзул нур унеб буго,
Алжан дуе батаяй гьабе рагIуе жаваб.
Лайлахъ гIишкъуги бергьун вухIарав Нажнум гIадин
ВухIун хун дун ватани хIакъ букIинарищ, дуе
Гагуйилан ахIдолеб Мадина хIинчI гIадинан,
Тоге дун гIабдаллъизе гIадамаздаги сурун.
ТIох бихараб рукъ гIадин керен бугин гIекколеб,
ГIамал кинаб гьабилеб гьудул мунгун данд чIвазе.
Сафа-мавра тирулев хIежалда хIажи гIадин
Мун сверулей сверуде свериялъ свакан вуго,
Хьиндал кIкIалахъ бижараб тIагIам гьуинаб пихъан
ГIемер хапдолев вуго тIезе бажаруларо
Лага унтани инсан тохтурасухъе уна,
Тохтурлъун мунги йиго, сахлъулев дунги вуго.
* * *
Цо-цазулъ багъулеб хвелги гIумроги
КIияздаго гьоркьой мун хъаравуллъун,
ХъахIаб халгIат ретIун квердахелал хун
Хвелгун къеркьолареб лахIзат гьечIо дур.
Гьале дур унтаралъ рагьана берал,
Баркала дарманин духъги балагьун,
Дунги дур унтарав гьабе дий дару
Данде рокьи гуреб кьезе жо гьечIев.
* * * *
Бакъуда сверухъе накIкIал гIадинан
ГIемерал данд чIвана какулел чагIи,
Гьел къватIул гьабзазул хIапи гIадинаб
Харбалги тIагIинчIо тIагIаял азул.
ГъалбацI хIинкъуларо гьве хIапдонилан
КIалдиб хIацIуги ккун какдаризе те,
Дир къилба цIва, дуе, хъвала рокьул кечI
ГIишкъул хъала бакьулъ, дуе тахги лъун.
* * * *
Дун холев вугони эркенго хвела
Аллагьасул лагълъун рокьул асирлъун,
Дун унев вугони ахир батани
Аний толей дуда баила цоцIул.
ЛъикIго йикIа гьанже, дир гIишкъул къилба
Къо-мех лъикI гьабизе щун бугин заман.
Гьорохъе щаполел данде щоларел
СогIаб кьурулъ ругел гьутIби руго нилъ.
Дуде бугеб хIасрат хIабургъунги тун
Хвалил кваркьиялъукь кьижиларо дун,
Дуде бугеб гIишкъу къаникь босани
Бан мусру чIеларо дир черхалда тIад.

**ГIабдула МУХIАМАДГIАЛИЕВ**


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**
**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 15. 8.16 г. 16.20
фактически -18. 30 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.